



Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE ADMINISTRASYON TI BIZNIS LA DEKLARASYON  
KATASTWÒF FIZIK POU KONTE RENSSELAER, OTSEGO, AK NIAGARAO**

*Aprè evènman meteyo vyolan an, Gouvènè a te mande apwobasyon federal la èd*

*Depi yo aksepte, deklarasyon yo, sa ap pèmèt moun, fanmi, biznis ak  
òganizasyon san bi likratif yo aplike pou prè ki gen enterè ba pou ede yo  
retabli yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke li te mande Administrasyon Ti Biznis la (Small Business Administration, SBA) Deklarasyon Katastwòf Fizik pou konte Rensselaer, Otsego, ak Niagara. Demann sa yo lye ak evènman meteyo vyolan ki te lakoz domaj nan kay ak biznis yo. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta a te fè patenarya ak ofisyèl yo nan konte Rensselaer, Otsego, ak Niagara pou fè evalyasyon domaj nan kominote ki afekte yo apre evènman sa yo. Lè yo aksepte deklarasyon yo, moun, fanmi, biznis ak òganizasyon san bi likratif ki afekte yo ap kalifye pou aplike pou prè nan enterè ki ba ki soti nan Administrasyon Ti Biznis la pou ede yo retabli yo.

"Dezas natirèl sa yo deranje lavi Nouyòkè yo, men n ap travay pou ede kominote nou yo retabli yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "M ap mande deklarasyon katastwòf sa yo pou Nouyòkè ki afekte yo ka jwenn èd yo bezwen an pou retounen sou pye yo epi tounen konstui kay ak biznis yo."

Prè Administrasyon Ti Biznis lan yo ap ofri èd pou mèt kay, lokatè, biznis ak lòt moun ki bezwen sipò finansye apre katastwòf dijans oswa lòt katastwòf ki gen rapò ak move tan yo.

Lè yo apwouve, gwoup sa yo ki soti nan 18 konte ka kalifye pou resevwa èd nan prè SBA yo:

- Mèt kay: fon pou repare oswa ranplase pwopriyete ki andomaje oswa kraze.
- Mèt kay ak lokatè: fon pou repare oswa ranplase byen pèsonèl ki andomaje oswa kraze.
- Pwopriyete biznis yo: fon pou ranplase pwopriyete, envantè, machin, ekipman ak lòt pèt fizik.
- Biznis ak òganizasyon san bi likratif yo: Prè pou Katastwòf Dega Ekonomik pou bay fon woulman ki nesesè jiskaske operasyon nòmal yo rekòmanse apre yon katastwòf.

Depi yo apwouve, Administrasyon Ti Biznis lan ap travay ak konte respektif yo pou fikse pwen kontak epi fè sansibilizasyon pou pwopriyetè kay endividyèl ak biznis ki te afekte pa seri evènman klimatik sa yo.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Patrick A.**

**Murphy te deklare,** "Aprè evènman meteyo mwa jiyè sa yo, ekip nou an te travay sou teren an ak patnè nan gouvènman konte yo pou evalye domaj nan konte respektif yo nan objektif pou idantifye zòn ki gen bezwen soulajman yo. Nou te rive sipòte epi n ap kontinye sipòte kominote sa yo ak fyète ak resous pou ede yo rekipere epi rekonstui."

**Demann pou Konte Rensselaer**

Aprè yon evènman meteyo vyolan nan dat 14 jiyè nan Konte Rensselaer, te gen gwo dega nan 18 kay ak 9 biznis ki bay yon total 1,895,000 dola. Yo te idantifye ti dega nan 281 kay ak 14 biznis ki bay yon total 2,300,000 dola. Si yo aksepte deklarasyon an pou Konte Rensselaer, sa ap enkli konte Albany, Columbia, Greene, Saratoga ak Washington ki sou kote yo.

**Demann pou Konte Otsego**

Aprè yon evènman meteyo vyolan nan dat 16 rive 19 jiyè nan Konte Otsego, te gen gwo dega nan 19 kay ak 9 biznis ki bay yon total 845.000 dola. Yo te idantifye ti dega nan 32 kay ak 1 biznis ki bay yon total 255.000 dola. Si yo aksepte deklarasyon an pou Konte Otsego, sa ap enkli konte Schoharie, Delaware, Chenango, Madison, Oneida, Herkimer ak Montgomery ki sou kote yo.

**Demann pou Konte Niagara**

Aprè yon evènman meteyo vyolan nan dat 20 jiyè nan Konte Niagara, te gen gwo dega nan 29 kay ki bay yon total 542.000 dola. Yo te idantifye ti dega nan 1.122 kay ak 35 biznis ki bay yon total 11,715,000 dola. Si yo aksepte deklarasyon pou Konte Niagara, sa ap enkli konte Erie, Genesee ak Orleans ki sou kote yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)